



IBIBAZO BIKUNDA KUBAZWA: IMFASHANYO Y'ABADAFISE AKAZI KUBERA IKIZA PUA

IBIBAZO RUSANGI VY'ABADAFISE AKAZI KUBERA IKIZA

Ndagerageza guhamagara umurongo w'imfashanyo hanyuma ntibanyemerere kurindira, umurongo uca uhagarara. Ni gute noronka umurongo?

Uhamagaye umurongo wa PUA hanyuma ugaca uronka ubutumwa buvuga ko abokwakira bose bari mu bindi, ni kubera ko imirongo yose iba iriko irakora kandi yuzuye. Soma muri FAQs kugira bigufashe gutorera umuti ibibazo imbere yo gusubira guhamagara

Bisigura iki nimba ntemerewe kuronka imfashanyo yamaho y'abadafise akazi, ariko amakuru yanje akaba atarashika muri PUA?

Nimba utemerewe kuronka imfashanyo yamaho y'abadafise akazi, gusaba kwawe kuracariko kurasubirwamwo n'igisata kugira kwemerwa kwawe kwa PUA kwigweko. Kwigwako biheze, uzaronka ubutumwa buvuye mu gisata buvuga ku kwemererwa kwawe kwa PUA. Nimba wemerewe, uzoca ushobora gusaba PUA yawe hanyuma ugatangura gushiraho ivyo gusaba ku ndwi.

Ni ryari nshobora gusaba PUA?

Utegerezwa gusaba asiranse y'abadafise akazi yamaho kugira hashobore kwigwa ko wemerewe kuronka inyungu yamaho y'abadafise akazi canke inyungu za PUA. Nimba utarasaba kuronka imfashanyo yamaho y'abadafise akazi, ja kuri <https://vermont.force.com/DOLClaim/s/>. Bivanye n'uko watanze gusaba kwawe, urashobora guca ushobora ubwo

nyene uheraheza gushikiriza gusaba kwawe kwa PUA. Nimba udaciye ubishobora, birakenewe ko uzorindira igista c'umurimo DOL ikiga ku gusaba kawe kwashikirijwe. Kugenerwa kwawe ni kwaramuka gushizweho uzoca uronka ubutumwa bubikubwira.

Naramaze inyungu zanje zamaho z'abadafise akazi UI, nosaba PUA, canke nokora iki?

Nimba waramaze indwi zawe 26 z'inyungu ya asiranse y'abadafise akazi hanyuma ukaba uriko uragerageza gutangura gukoresha indwi 13 z'inyongera z'imfashanyo yihuta y'abadafise akazi kubera ikiza izwi nka Pandemic Emergency Unemployment assistance (PEUC), ntiwogerageza gusaba PUA. Kuko uzoca uronka ubutumwa bukwereka ko habayeho ikosa niwagerageza gusaba kubera usanzwe ufise gusaba kw'abadafise akazi. Ntibikenewe ko hari ico wokora gushika igihe gahunda ya PEUC yemerewe gushirwa mu ngiro.

PUA izokora indwi zingahe?

PUA itanga igisubirira imishahara ku basaba bemerewe gushika ku ndwi yo kuri 15 z'ukwa gatatu 2020, igihe itegeko ryo gushira mu ngiro rya buramatari Scott ryashiriwe mu ngiro.

Vyogenda gute mu gihe gusaba kwanje kw'inyungu y'abadafise akazi UI kwanswe hanyuma nkaronka umutumwa bunyereka ko habaye ikosa mu gihe ngerageje gusaba inyungu za PUA?

Nimba warankiwe inyungu yamaho y'abadafise akazi, ntibitera ikibazo kwemererwa kwawe kw'inyungu za PUA. Gusaba kwawe kuriko kurigwa kandi igisata c'umurimo kizwi nka Department of Labor kizomenyeshya ko wemerewe gusaba PUA.

Iyo ngerageje guheraheza gusaba PUA, bimbwira ko ivyo nashizemwo bitabaho, ko bikenewe ko nuzuza gusaba kw'abadafise akazi kwamaho. Iyo ngerageje naho guheraheza gusaba kw'abadafise akazi kwamaho, bimbwira ko nsanzwe ndimwo. Nokora iki?

Nimba wakurikije intambwe zose zo gusaba PUA (harimwo kwuzuzwa ubwa mbere gusaba kw'abadafise akazi) kandi ukaba uriko uronka ubutumwa bukwereka ko habaye ikosa mu gihe uriko uragerageza kuraba amakuru yo muri PUA, ibi bisigura ko ko gusaba kwawe kw'abadafise akazi gukeneye gusubirwamwo n'igisata. Ntuzoshobora guheraheza gusaba PUA gushika iryo subirwamwo riheze. Igisata kizokumenyeshya ku vyereke kwemererwa kwawe.

Gusaba kwanje kuriko kurigwako. Ibi bisigura iki?

Nimba gusaba kwawe kuriko kurigwako, hariho ikibazo kiri mu gusaba kwawe gisaba gusuzumwa neza n'igisata. Uku kwigwako kwashizweho hagendewe ku nyishu z'ugusaba kwawe kwa mbere. Gusaba kwawe kuzokorwa bijanye n'ukuntu kwakiriwe.

Nsubiye ku kazi. Birakenewe ko hari ico nokora kugira ndabimenyeshye igisata c'umurimo?

Nimba usubiye ku kazi, ntibikenewe ko ubimenyeshya igisata muri uwo mwanya. Ureka gusa kwuzuzwa gusaba kwawe kwo ku ndwi. Nimba ushizeho gusaba kwo ku ndwi mu ndwi wariko urakora iminsi yose, ico ni ikintu ca forode kandi uzoca uhagarikirwa inyungu. Nimba ukoze canke uronse akazi mu ndwi wasavyemwo inyungu y'abadafise akazi, utegerezwa kumenyeshya amasaha wakoze n'imishahara waronse.

KWEMERERWA PUA

Ni gute nomenya ko nemerewe PUA?

Nimba uri umukozi yigenga, yikorera utwiwe, yankiwe canke atemerewe inyungu yamaho y'abadafise akazi canke FPEUC (gahunda y'inyungu zaguwe), urashobora kwemererwa inyungu za PUA.

Ni ibiki vyotuma ntaba mubemerewe PUA?

Nimba ushobora gukorera kure unahembwa canke unaronka akaruhuko k'umurwayi gahemberwa canke ubundi buryo ubwo ari bwo bwose bw'akaruhuko gahemberwa, ntuzokwemererwa kuronka PUA.

Ni amafaranga angahe bisabwa ko noba ndonka kugira nemerewe inyungu za PUA?

Utegerezwa kuba wararonse n'imiburiburi ama \$2,871 mu cakane ca mbere c'igihe wavuze, wahembwemwo menshi. Mu bindi vya kane bitatu vy'igihe wavuze, utegerezwa kuba wararonse n'imiburiburi 40% c'ayo waronse mu ca kane ca mbere wambwemwo menshi. Atari uko, wemerewe inyungu nkeyi ishoboka.

IBINDI KU WIKORERA UTWIWE

Ni gute nomenya ko nikorera utwanje?

Ibigenderwako vya reta kuri PUA bivuga ko "abikorera utwabo" ari abantu bateze umushahara ku bikorwa vy'ubudandaji bw'abo. Aha harimwo abigenga n'abandi.

Ubu nikorera utwanje, ariko nakoreye umukoresha mu 2019. Ni hehe noshikiriza gusaba?

Nimba waronka umushahara urenze ama \$4,025 ku ndangagihe y'umwaka wa 2019 uvuye ku mukoresha (canke abakoresha) bakase amatagisi ku mushahara wawe, urashobora kwemererwa kuronka inyungu yamaho y'abadafise akazi. Intambwe ya mbere yo kumenya ko wemerewe ni uguheraheza gushikiriza gusaba kwa mbere kw'abadafise

akazi, nivyo bizomenyesha ko wemerewe kuronka asiranse yamaho y'abadafise akazi canke PUA.

Nimba mba muri Vermont nkaba nikorera utwanje mu yindi reta, ni hehe nosabira inyungu za PUA?

Utegerezwa gusabira muri reta wakoreramwo igihe wahagarikiye gukora, igihe watanguriye gukora igice canke igihe utari ugishoboye gukora kubera impamvu zijanye na COVID-19 ziri mu gice ca 2102(a)(3)(A)(ii)(I) ca CARES Act. Nimba warakoze muri reta irenze umwe muri ico gihe, wosabira muri imwee muri izo reta.

Igice kinini c'umushahara wanje ndakironka mu gukora umwanya wose, ariko nkaba mfise n'ubudandaji bwanje. Noba mfatwa nk'uwikorera utwiwe mu bijanye n'inyungu za PUA?

Oya. Ibigenderwako vya reta bijanye na PUA bivuga ko umuntu yikorera utwiwe mu gihe umushahara munini wiwe uva ku budandaji bwiwe.

IGIHE WOBA WEMEREW

Noba nemerewe kuronka nimba ntigeze nkora canke nimba haheze igihe kinini ntakora?

Urashobora kwemererwa kuronka PUA nimba:

- Wari urindiriye gutangura akazi ukaba ata kazi ufise ubu canke ukaba udashobora gutangura ako kazi ku bw'ingaruka za COVID-19
- Akazi wari waronse kacye kavaho kubera COVID-19
- Wabaye uwusumira umuryango canke uwufasha umuryango wa mbere kubera ko uwahora abikora yapfuye nk'ingaruka za COVID-19

Ndi umworozi atanga amata. Noba nemerewe kuronka PUA?

Ego, aborozi baremerewe kuronka PUA kandi bategerezwa gutangura gushikiriza gusaba kwabo kwa mbere kw'abadafise akazi.

Noba nemerewe kuronka PUA nimba akazi kanje kanyemerera gukorera kure nkahembwa?

Oya. Nimba ushobora gukorera kure ukaba unahembwa n'umukoresha wawe, ntiwemerewe kuronka PUA.

Noba nemerewe kuronka inyungu za PUA nimba ata kazi mfise ariko nkaba ndonka umushahara wo mu karuhuko k'umurwayi canke ubundi bwoko bw'umushahara wo mu karuhuko uvuye ku mukoresha wanje?

Urashobora kwemererwa. Nimba uronka igice c'umushahara mu karuhuko k'umurwayi, urashobora kwemererwa kuronka inyungu igabanyije, ku ndwi izwi nka reduced weekly benefit amount (WBA). Nimba akaruhuko kawe ugahemberwa ayaruta WBA yawe, aho ntiwemerewe.

Ndashobora kuronka inyungu za PUA benefits nimba nkikora ariko amasaha yanje y'akazi yaragabanyijwe?

Nimba ukora amasaha make kuyo wahora ukora kubera COVID-19 ukaba waratakaje umushahara wawe, wosaba inyungu za asiranse z'abadafise akazi. Kwemererwa kwawe kw'abadafise akazi canke PUA bizomenywa uhejeje gusaba.

Nakora umwanya wose hanyuma mva mu kazi. Ariko ndafise ubudandaji bwanje ku ruhande bwugawe kubera COVID-19, noba nemerewe kuronka PUA?

Nimba waravuye mu kazi wakora umwanya wose uremerewe gusaba kw'abadafise akazi, ntushobora gusaba canke kuronka inyungu za PUA ziyongera kuri ivyo.

Nimba ndi mu karuhuko k'umurwayi kemewe ntahembwa n'umukoresha wanje, akandi nkaba ntemerewe kuronka inyungu y'abadafise akazi ya reta kubera ko ntashoboye gukora canke ntaronka uko nja kukazi, noba nemerewe kuronka PUA?

Biravana. Nimba ako karuhuko k'umurwayi katumwe n'imwe mu mpamvu zijanye na COVID-19 mu gice ca 2102(a)(3)(A)(ii)(I) ca CARES Act, urashobora kwemererwa kuronka inyungu za PUA. Nimba ako karuhuko naho katari muri imwe mu mpamvu zijanye na COVID-19 hanyuma ukaba udashoboye gukora canke kuronka uko uja ku kazi, urashobora kwemererwa kuronka PUA.

KUTEMERERWA

Nashizeho gusaba inyungu yamaho y'abadafise akazi kandi gusaba kwanje kuriko kurigwako kandi nta nyishu naronse. Noshobora gusa na PUA?

Oya. Ntushobora gusaba PUA kandi usanzwe ufise gusaba kukiriko kurasuzumwa mu nyungu z'abadafise akazi ziriko zirigwako. Nimba wankiwe kuronka inyungu ya asiranse yamaho y'abadafise akazi, urashobora kwemererwa kuronka PUA ariko ntushobora gusaba PUA gushika igihe kwankirwa kwawe kuzoba kwamenyeshewe.

Nimba nanse gusubira ku kazi umukoresha wanje ampamagaye, kubera nshaka kuronka inyungu y'abadafise akazi, noba nemerewe kuronka PUA?

Oya. Nimba wanes gusubira ku kazi gakwiye kugire ushireho gusaba inyungu y'abadafise akazi, nturi mu bemerewe kuronka PUA. Ushaka ayandi makuru, ja kuri <https://labor.vermont.gov/unemployment-insurance/refusal-return-work-covid-19>

Noba nemerewe kuronka inyungu yamaho y'abadafise akazi ariko ntabwo izo nyungu kubera ko bica bihwana n'ayo nategerezwa gutanga. Noba nemerewe kuronka PUA?

Oya. Muri icyo gihe, wemerewe kwakira inyungu yamaho y'abadafise akazi kandi wategerezwa kuyakira naho yoba ikoresheya nk'iyiyongera ku yindi. Ntushobora kwemererwa kuronka inyungu y'abadafise akazi na PUA.

Gusaba kwanje kuvuga ko ari inyungu yiyongera ku yindi kandi ntaronka inyungu ya reta y'ama \$600?

Nimba gusaba kwawe ari inyungu yiyongera ku yindi, hazokenerwa ko igisata gishiramwo amakuru mashasha mu gusaba kwawe kugira bikunde ko uronka inyungu ya reta y'ama \$600. Turiko turakora cane kuri uku gusaba. Wobandanya ushiraho gusaba kwawe ku ndwi mu gihe amakuru mashasha yahejeje gushirwa mu gusaba kwawe, uzoca utangura guhabwa inyungu. Menya neza, inyungu zawe zo ku ndwi zizobandanya gukatwa kugira haveho inyungu yiyongera ku yindi.

IBIBAZO BIJANYE NO GUSABA PUA

Vyogenda gute ndamutse mpejeje gusaba ubwa mbere inyungu ya asiranse y'abadafise akazi hanyuma nkaronka kugeberwa ama \$0? Birakenewe ko nsubiramwo gusaba PUA?

Nimba utemerewe kuronka inyungu yamaho y'abadafise akazi, urashobora kwemererwa kuronka PUA. Gusaba kwawe guhejeje gusubiramwo, igisata kizokumenyesha ko ushobora guheraheza gusaba PUA.

Nohagarika hanyuma nkasubira nkabandanyiriza hagati gusaba PUA?

Ego. Nimba utazi kwishura ikibazo, canke ukeneye guhagariko kugira ubanze uronke amakuru akwiye, urashobora guhagarika ukabanza ukaronka ayo makuru hanyuma ugasubira hanyuma.

Ni gute nokosora gusaba kwanje canke gusaba ku ndwi ndamutse nishuye nabi ikibazo canke nihenze nkatanga amakuru atari yo?

Urashobora guhindura nimeru yawe ya terefone, imeyiri yawe, uburyo bwo kurihwa hamwe n'ivya ngombwa vy'ama tagisi, mu gihe uriko urasaba kwemererwa ku ndwi. Ntushobora guhindura inyishu watanze mu gusaba. Inyishu zimwe zimwe zisaba kwigwako.

Gusaba kwanje kumbwira ko konte yanje yo muri banki idakunda, nokora iki?

Nimba nimero yawe ya banki itanguzwa canke iherezwa n’ubusa, ubuhinga ntibwemera ivyo biharuro. Mu gihe turiko turabikorera ngo tubitorere umuti, urashobora guhitamwo kurungikirwa sheke. Biramutse bitorewe umuti, urashobora gushiramwo amakuru mashasha ajanye no kurihwa igihe uziba usubiriye guheraheza gusaba kwemererwa ku ndwi.

Nagerageje kwinjira ku rubuga kugira mperaheze gusaba PUA kandi nkaba nkeneye guhindura kode yanje, ariko nkaba ntigeze ndonka ubutumwa kuri imeyiri bumfasha kuyihindura?

Uramutse ubonye iri kosa, subira ugerageze kuyihindura kuko ico kibazo catorewe umuti kuri 24/4/2020. Nimba ugerageza kwinjira ku rubuga kugira ushireho gusaba ku ndwi, inyungu yamaho y’abadafise akazi ukoresheje koe yawe, ntushobora kwinjira ku rubuga kuko ari uwo ni uwundi muryango.

Vyogenda gute ndamutse ntanze amakuru atari yo canke amakuru ahushanye kugira ndonke inyungu za PUA?

Gutanga amakuru Atari yo canke ahushanye kugira uronke inyungu ni forode. Uramutse ufashwe warakoze iyo forode, urashobora guhanwa canke/no gukurikiranwa n’ubutungane.

Nakurikije amabwirizwa mu kwuzura gusaba PUA. Nca mbona ngo “Gusaba kwawe ntikwemewe. Imfashanyo y’abadakora kubera ikiza usavye ntikwemewe kubera kuronswa izindi nyungu. Ufise ico ubaza, hamagara igisata c’umurimo ca Vermont kuri (877) 660-7782.” Nokora iki?

Nimba waronse ubu butumwa kuri imeyiri, ni kubera ko, hagendewe ku nyishu watanze ku bibazo vyabajijwe, basanze utwemerewe kuronka PUA.

Narujuje gusaba kwanje kwa PUA kandi nashizemwo amakuru ya konte Atari yo. Nobihindura gute?

Nimba ukeneye guhindura amakuru ya konte yawe yo muri banki, wohindura uburyo bwo kurihwa uriko urashiraho gusaba kwemererwa ku ndwi.

Nasnaze ntemerewe kandi nshaka kumenya kubihindura. Nokora iki?

Nimba wasanze utemerewe, ntiwemerewe kuronka PUA. Nimba wumva ko ibi bitari vyo, urashobora gushiraho gusaba guhindura ukoresheje ubutumwa bwo guhindura kuri 802-828-4289 canke ukarungika ubutumwa bwo guhindura ku gisata c'umurimo ku gasandugu ka posita P.O. Box 488, Montpelier, VT 05601-0488. Mu gusaba guhindura kwawe, shiramwo: izina ryawe, izina ry'ishirahamwe ryawe, n'izina n'itariki ry'ivya ngombwa ushaka guhindura. Gusaba kwawe kwo guhindura kuramutse guhejeje gusuzumwa, uzomenyeshwa mu kwandika itariki n'isaha ubimenyeye.

KUBIKWA GUSABWA KW'AMATAGISI YA PUA N'IBIBAZO BIJANYE N'IMISHAHARA

Ntegerezwa gushiraho ivyangombwa vy'amatagisi mu minsi 21. Iki kiringo c'iminsi 21 gitangura ryari?

Ikiringo c'iminsi 21 gitangura ugiheza gusaba PUA, ntigitangura usavye ubwa mbere usaba inyungu y'abadafise akazi.

Mu kumenyeshya imishahara mu gusaba PUA, nokoresha umushahara utaravako amatagisi canke umushahara wamaze kuvako amatagisi?

Abantu bikorera utwabo bategerezwa gukoresha umushahara wavuyeko amatagisi. Abandi batikorera utwabo bategerezwa kumenyeshya umushahara wabo utaravako amatagisi.

Vyogenda gute ndamutse mpembwa kuri komisiyo canke bivanye n'ivyo nadandaje, atari umushahara wo ku kwezi canke kw'isaha?

Nimba uhembwa kuvyo wadandaje canke kuri komisiyo, urashobora gushiramwo imishahara mu mushahara wo ku kwezi canke kw'isaha, mu gihe ingana n'imishahara yose waronse mu ca kane.

Ni ibihe vya ngombwa vy'amatagisi vyemewe gushirwamwo?

Urutonde C, Urutonde E, Uurtonde F: nimba wikorera utwabo canke ari wewe wishiriramwo Urutonde C, Urutonde E canke Urutonde F, n'amatagisi yok u mushahara.

- 1040: nimba ukoresha itagisi yo ku mushahara 1040, menyesha umurongo wa mbere w'imishahara ku matagisi yok u mishahara yawe (aha ntiharimwo agafashanyo ko mu za bukuru canke agafashanyo k'umutekano rusangi)
- W2: nimba ukoresha icangombwa c'amatagisi W2 mu kumenyesha imishahara yawe, menyesha imishahara yawe mu gasandugu ka mbere box 1 ku ryngane rya w2.
- Vyogenda gute mu gihe ntakwije amatagisi ya 2019?

Nimba utakwije amatagisi ya 2019, ufise iminsi 21 yo kubikora. Ariko gushika igihe uzoshirirako ivyangombwa vyerekana ko wabikoze, ushobora kuzoronka gusa inyungu neyi zishoboka.

Ni kubera iki nkeneye gushirako ivyangombwa vy'amatagisi ya 2019 kandi igihe ntarengwa gishikana kw'itariki 15 mukakaro?

Kumenyekanisha amatagisi Ya 2019 birakenewe kuko inyungu yawe ijanye n'imishahara yo mu vya kane 4 biheze. Kwerekana imishahara ya 2019 bizomenyekanisha inyungu yo ku ndwi nyayo utegerezwa kuronka. Nimba usanze wemerewe kuronka inyungu, hanyuma ntutange ivya ngombwa mu minsi 21, uzoronka gusa inyungu nkeyi ishoboka gushika igihe uzotangira ivyo vya ngombwa. Ufise iminsi 21 uhereye ku minsi wa mbere washiriyeho gusaba PUA gushika ku minsi wo gushirako ivyo vya ngombwa.

IBIBAZO BIJANYE NO KURONKA PUA

Hoba hari igihe umuntu arindira imbere yuko ndonka inyungu ya mbere?

Oya, nta gihe gihari co kurindira. Ariko, bivanye no kwemererwa kwawe kwo ku ndwi, birashobora gufata umwanya kugire gusaba kwawe gusubirwemwo canke kwirweko.

Nikorera utwanje, ariko mfise n'akazi k'amasaha make nkorera uwundi mukoresha. Inyungu yanje yo ku ndwi izoba ingana gute?

Nimba ushizeho gusaba kwawe kwa PUA nk'umuntu yikorera utwiwe, imishahara yawe iva mu twawe wikorera niyo izokoresha mu guharura inyungu yawe yok u ndwi. Nimba ubandanya gukora amasaha make utegerezwa kumenyekanisha imishahara n'amasaha wakoze mu ndwi zose uzosabamwo kwemererwa inyungu.

Noba nemerewe inyungu ya reta y'ama \$600 ku ndwi abandi badafise akazi baronka?

Ego. Nimba wemerewe kuronka PUA, wemerewe n'inyungu y'ama \$600 ku ndwi. Ntibikenewe ko hari ikindi wokora, bizoca vyishiramwo mu nyungu yawe yo ku ndwi.

Inyungu y'ama \$600 ku ndwi izozira ukwa yonyene canke izozira hamwe?

Inyungu yindi ya reta izozira hamwe n'inyungu yawe yo ku ndwi. Inyungu ya reta ijanye n'amatagisi ya reta n'amatagisi y'igihugu. Nimba uhisemwo ko amatagisi yawe azozira arakatwa agakurwa kuyo wari kurihwa. Nimba utabihisemwo, uzosabwa kubimenyeshya mu gihe uriko urakwiza amatagisi yo ku mishahara ya 2020.

Ni kubera iki ntaronse inyungu y'ama \$600 akwiye?

Uhejeje gusaba kwawe kwa mbere, nimba warahisemwo ko amatagisi azozira arakatwa akuwe ku nyungu yawe yo ku ndwi, amatagisi azozira

arakatwa akuwe no ku nyungu ya reta y'ama \$600. Inyungu zose zijanye n'amatagisi ya reta n'ay'igihugu.

Vyoba bikenewe ko mbandanya nshiraho gusaba inyungu yo ku ndwi?

Ego. Birakenewe ko ushiraho indwi zose ukeneye kuronkera inyungu za PUA.

- Urashiraho gusaba ku ndwi kw'indwi iheze(a.k. nimba ushizeko gusaba ku ndwi itariki 12 Ndamukiza, uriko ushirako gusaba inyungu y'indwi yo kw'itariki 5-11 Ndamukiza).Iyo ukoze ibi, uba wemeje ko ata kazi wakora canke wasa nk'uwudakora muri iyo ndwi.
- Utegerezwa gushiraho gusaba ku ndwi bitarenze kuwa gatanu sakumi zo kumugoroba. (a.k., nimba utakora mu ndwi ya 5-11, urashobora gushiraho gusaba guhera itariki 12 Ndamukiza, ariko bitarenze itariki 17 Ndamukiza sakumi zo ku mugoroba).
- UTEGEREZZWA kumenyesha amasaha wakoze n'imishahara WARONSE (utaravye igihe uzohemberwa) nimba warakoze muri iyo ndwi uriko urasabira inyungu. Mu gihe utabikoze bituma habaho ikibazo mu gusaba kwawe, guteba kurihwa, canke ugashobora kuva mu bemerewe kuronka inyungu.

Nzotegerezwa kuriha amatagisi ya reta n'ay'igihugu ku nyungu ndonka?

Ego. Mu gihe uriko urashiraho, urashobora guhitamwo ko amatagisi azokatwa canke ntakatwe, ariko inyungu zose zijanye n'amatagisi ya reta n'ay'igihugu.

Nzorihwa ryari?

Uhejeje guheraheza gusaba inyungu y'abadafise akazi, gusaba PUA, ukaba washizeho gusaba kwemererwa kwa mbere kwo ku ndwi, kurihwa kwawe kuzoba mu minsi 3 y'akazi. Urashobora guhitamwo uburyo bwo kuronka inyungu wewe nyene canke ukaronka sheke (kuronka inyungu nyene nibwo buryo bunyaruka).